

PWOMÈS AN AKSYON

BILTEN OFISYÈL EVANSVILLE PROMISE NEIGHBORHOOD




DOLLY PARTON IMAGINATION LIBRARY

Fanmi ki abite nan EPN kounye a gen plis aksè ak liv nan anglè ansanm avèk panyòl atravè Dolly Parton Imagination Library!

Nouvo fanmi yo ka chwazi yon kantite liv ki 100% nan angle ansanm avèk panyòl. Lè y ap enskri, epi fanmi ki deja anrejistre yo ka chanje preferans yo nenpòt kilè. Nouvo opsyon sa a sipòte timoun aprann li bonè epi li se yon gwo etap pou bay plis aksè pou fanmi ki pale panyòl.

Pou mete ajou preferans ou oswa enskri yon timoun, vizite unitedwayswi.org/imagination-library. Pwogram sa a disponib atravè United Way nan Sidwès Indiana.



EARLY EDUCATION CASE MANAGERS

Nan Glenwood Leadership Academy, Early Education Case Manager (EECM) ede timoun yo prepare pou lekòl epi kenbe relasyon sa pandan jiska yo gradye.

Avèk sipò EECM ki finanse pa EPN ak patnè tankou Potter's Wheel, pwogram Baby Bullpups la kounye a sèvi 29 elèv ki enskri epi pare pou kindègadenn anvan lekòl la kòmanse.

Soti nan vizit lakay rive nan sipò pou ede timoun komanse li bonè, EECM yo ede fanmi yo simonte baryè epi bati relasyon ki dire lontan. Ki rezilta a? Elèv ki gen plis konfyans, fanmi ki pi solid, ak yon bon kòmansman pou timoun ki pi jèn Glenwood yo.

VIZYON RIVE AKSYON: PWOGRÈ EPN NAN DEZYÈM ANE A AK SA K VIN APRE


Nan mwa avril 2025, Evansville Promise Neighborhood (EPN) te òganize Dezyèm Reyinyon Anyèl ak Tout Patnè li yo, sou tèm “Sinèrji.” Reyinyon an te bay patisipan yo opòtinite pou yo reflechi sou pwogrè, selebre etap enpòtan yo, epi pou yo planifye ansanm pou lavni.

Dezyèm ane a make yon chanjman kle pou EPN, ak Pipeline Workshops nan avril 2024. Gwoup sa yo reyini chak mwa pou travay sou bagay espesifik ki ann amoni ak vizyon EPN. Nan mwa me 2024, 22 òganizasyon te vin Patnè ofisyèl EPN.

Pandan ane a, te gen nouvo kolaborasyon ak inisyativ. Goodwill te ouvri The Excel Center pou bay granmoun yon dezyèm chans pou jwenn diplòm Core 40 yo, epi yo te kreye yon relasyon solid ak EVSC pou sipòte elèv ki pa ka diplome atravè mwayen tradisyonèl. Pwogram Nourish pa Urban Seeds te grandi nan katye Tepe Park gras Community One.

Evènman yo te jwe yon wòl enpòtan pou elaji enpak la. Nan mwa septanm, fèt resous “Little Kids, Big Promise”—ki te dirije pa gwoup Edikasyon ak Sante—te konekte fanmi ak pwogram pou timoun piti. Nan mwa oktòb, EVSC Curriculum Workshop la te ede ranfòse alyanse aprann nan klas I ak sipò aprè lekòl.

Nan reyinyon avril 2025 la, patisipan yo te met tèt yo ansanm nan yon aktivite ki rele “Kondisyon Ideyal pou Sikses,” pou mete tras pou avanse travay EPN lan. Kounye a, chak Gwoup ap mete sou pye yon Komite pou devlope yon Plan Kolaboratif pou twazyèm ane a epi pi lwen toujou.





EWONAN SALKLAS YO: BATI KONFYANS, YON JWÈT A LA FWA

Nan Lekòl Evans, elèv yo pa sèlman resewwa leson—yo jwenn koneksyon. Avèk inisyativ Homeroom Heroes, ofisye Polis Evansville yo te vizite klas 5yèm ane epi jwe nan rekreyasyon pou bati konfyans atravè konvèsasyon ak jwèt.

Semèn nan te fini ak yon gwo jwèt “EPD kont Elèv yo” nan yon jwèt ki rele dodgeball. Evenman sa te tout patisipan ri anpil, li te ede yo travay ann ekip, ak ankouraje bon konpetisyon. Soti nan bay men rive nan demonstrasyon ak yon robo, elèv yo te wè polis la nan yon lòt jan.

VIZYON GLENWOOD POU CHANJMAN: DIRIJE PA MWAYEN VWAZEN YO, MEN KONSTWI POU TOUT MOUN

Glenwood se yon katye k ap ogmante—grasa vwazen li yo. Avèk inisyativ “Love Your Neighborhood,” moun ki abite la ap bay kout men pou amelyore sekirite, ogmante aksè ak resous, ak ranfòse relasyon anndan kominotè yo.

Vwazen yo bay priorite klè: lari ki an sekirite, pwogram pou jèn, manje ki pi bon pou sante, lojman pou tout nivo revni, ak plis fason pou konekte youn ak lòt. Vizyon sa a soti nan kwayans ke chak moun gen yon bagay pou ofri—epi chanjman reyèl kòmanse anndan kominote a.

Avèk sipò Community One ak YMCA, rezidan Glenwood yo ap bati enèji pou yon enpak ki dire lontan.

Ou vle patisipe? Eskane kòd QR ki sou dènye paj la!



MANJE FRE, KATYE PI SOLID: PWOGRAM NOURISH AP RETOUPEN

Pwogram Nourish pa Urban Seeds ap pote fwi ak legim fre ak abòdab dirèkteman nan katye Evansville yo, pandan y ap sipòte ti jaden lokal nan tout rejyon an. Sezon sa a, vizite yon lokal ki pre ou pou achte manje ki bon pou fanmi ou ak kominote ou.

📍 **Jacobsville – Hope of Evansville**

Vandredi, 20 jen–26 septanm | 11:30 AM–1:00 PM

📍 **Tepe Park – Tepe Park Clubhouse**


3yèm lendi chak mwa | 5:00–6:30 PM

POU APRANN PLIS


Eskane kòd QR a sou bò dwat la pou swiv nou sou rezo sosyal epi rantre nan lis imel nou. Rete kouran de evènman, resous, ak nouvèl nan katye a—pa rate sa!



**DOLLY PARTON
IMAGINATION LIBRARY**



**NOURISH POP-UP
STANDS**



**GLENWOOD'S VISION
FOR CHANGE**



MÈSI

Pou tout patnè kominotè nou yo ak tout moun ki sipòte nou.

